Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 51 (9789) / 19 ноябрь 2018 с. / итни 11 Рабиг1уль-авваль 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.

## 25 ноябрь - День матери

### Поздравляем!



***Есть ли в мире что-либо трогательнее, сильнее, неистовее и нежнее, чем любовь матери? Сколько бы не писали о матери, вряд ли можно передать всю глубину материнской любви. Любовь матери не подвластна ни времени, ни забвению.***

### Уважаемые матери!

От всего сердца поздравляем вас с Днем матери. Пусть каждая из вас чувствует себя любимой, нужной и защищенной. Желаем вам крепкого здоровья, благополучия и мирного неба.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов*

День матери...Этот праздник полон душевной теплоты, ведь все мы поздравляем самых дорогих на земле людей- своих матерей.

Желаю всем матерям здоровья, счастья, мира и удачи во всем.

*Депутат НС РД М-П (К-П) Д.Умаханов*

Мать- проводник между Богом и людьми, благодаря ей все появляются на свет. Она- хранительница уюта и тепла в доме, она заботится о тех, кто рядом.

От всей души поздравляю всех матерей с Днем матери.

Желаю всем здоровья, любви и понимания детей, семейного счастья и голубого неба.

*Секретарь политсовета Казбековского местного отделения ВПП «Единая Россия» Д.Г.Махачев*

## ИНФОРМАЦИОННОЕ СООБЩЕНИЕ

22 ноября 2018 года в 10:00 часов в актовом зале районной администрации состоится XXVI сессия VI созыва Собрания депутатов МР **«Казбековский район».**

На сессию приглашаются главы сельских администраций.

*Н.Н.Меджидов, депутат Собрания на постоянной основе.*

## Ц1ияб х1укумат г1уц1ана

9 ноябралда Мах1ачхъалаялда т1обит1араб данделъиялда Дагъистаналъул бет1ер В.Васильевас лъазабуна ц1ияб х1укумат г1уц1ун лъуг1анилан.

Гьелде гьоркьоре ана нилъер ракьцоял:

1. **Г1абдулмуслим Мух1удинович Г1абдулмуслимов** (х1укуматалъул председателасул заместитель ва росдал маг1ишаталъул министр)
2. **Сайгидпаша Дарбищевич Гумаханов** (промышленносталъулгун энергетикаялъул министр).



*Г1абдулмуслим Мух1удинович Г1абдулмуслимов*



*Сайгидпаша Дарбищевич Г1умаханов*

*РИА «Дагестан»*

**Россиялъул полициялъе - 101 сон**

## Рохалилаб данделъи



10 ноябралда **«Салатавия»** банкетазул залалда т1обит1ана жанисел ишазул х1алт1ухъанасул Къо к1одо гьабиялда хурхараб данделъи.

Гьенире г1ахьаллъана - районалъул бет1ер Х1.Х1. Мусаев, Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. (К.-п.) Д. Г1умаханов, прокурор М.М. Халилов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М. Гьирисханов, рагъулгун зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х.Г1. Мух1амадх1абибов, МВДялъул ветераназул Советалъул председатель М.Гъ. Х1айбулаев, полициялъул х1алт1ухъабигун ветеранал.

К1алъазе вахъарав ОМВДялъул начальник Г1.Х1.Халидовас, къокъгъабун, гьениб бицана жинца нухмалъи гьабулеб отделалъ гьабураб х1алт1ул, ругел церет1еязул ва г1олел-г1оларел рахъазул.

Гьес абуна: **«Цебе милициййин, гьанже полицияйин ц1арал рук1аниги, гьабизе кколеб х1алт1уль ва т1адал ишазулъ щибниги хиса-баси ккеч1о. Полициялъул х1алт1ухъаби х1алт1изе ккола жамг1ияб г1адлу-низам ц1униялда ва х1инкъигьеч1олъи ч1езабиялда т1ад»**, -ан.

Баркиялъул раг1абигун к1алъазе гьенир рахъана - Х1.Х1. Мусаев, М.-п. (К.-п.) Д. Г1умаханов, М.М.Халилов, Гъ.М. Гьирисханов, Х. Г1. Мух1амадх1абибов, М.Гъ. Х1айбулаев ва гь.ц. Гьенир к1одо гьаруна х1алт1улъ т1ок1лъи бихьизабурал полициялъулал, гьезие кьуна I-аб., II-аб. ва III даражаялъул **«Хъулухъалда бихьизабураб т1ок1лъиялъухъ»** медалал, районалъул администрациялъул, ОМВДялъул ва ветераназул Советалъул Х1урматалъул грамотаби, ОМВДялъул ветераназе кьуна г1арцулал сайгъатал.

Данделъиялъул г1ахьалчаг1азул рак1азе к1удияб асар гьабуралльун гьенир рук1ана- Асланбег Идрисовас, Пат1имат Ибрагьимовалъ,Ханчикица, Зияродин Г1амиевас ах1арал куч1дул ва Ильяс Висарбиевас рачарал бакънал.

Тадбир нухда бачана **«Салатавия»** телестудиялъул корреспондент Маржанат Яндаевалъ.

***И.ИДРИСОВ.***



## Унеб буго подписка!

Унеб буго 2019 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие «Чапар» газета хъваялъул кампания. Ниж рохаралги ч1ух1аралги руго нуж нилъер газета хъвалеллъун ва ц1алулеллъун рук1иналдаса. Нужеца нижехъе рач1унел кагътал ц1алулаго, нужер ишал нухда унел гьеч1они, нижер рак1азулъе пашманлъи, рах1атхвей рещт1уна, гьез лъик1ал х1асилал нужее кьолел ругони, ниж рохула. Нужер лъик1ал макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал, архивалда гурелги, нижеца ц1унула рак1азулъги, т1ад-т1адруссун, ц1алула ва ккаралъур нижеца гьезулъа цо-цо рехсеял, х1ужаби ва гь.ц. х1алт1изарула, гьединго, х1аракат бахъула нужер бадибч1ваял ва гьариял х1исабалде росизе. Нуж гьеч1они, нижер х1алт1и цебехунги унаро.

Г1акълучилъун гуребги, «Чапар» ккола цогидазе сайгъат гьабизе бегьулеблъунги. Ц1алдезе бокьулел г1ага-г1унт1аразе, рес рекъеч1езе хъвани, гьеб ккола, нужер рахъалдасан, гьезие гьабураб лъик1аб сайгъатлъун.Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго рак1ал т1аде ц1алел макъалабиги х1ажатаб информацияги.Гьединго, гьенир нужеда ратила лъималазе, г1олилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, абундачал ва тарихиял баянал.«Чапар» хъвани, нуж лъугьина нижер гьит1инаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

Багьа-286 гъурущ.

***Х1урматгун «Чапар» газеталъул коллектив.***

**Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,**

# 25 ноябрь-эбелалъул Къо

## Хирияй эбелалъ дуниял тедал



*Дун къисматалъ г1емер къварид гьаюна,*
*Гьелъие чучич1еб дир къвак1араб рак1*
*Щай, эбел, мун индал, инагьдилаго,*
*Жакъаги унтулеб, бух1улеб бугеб?*

Абула лъимадул килищ унтани, эбелалъул рак1 унтулин, гьелъул кверазул хинлъиялъ киналго унтаби сахгьарулин, эбелалъул кверал чураб лъимцин лъимала-зе дарулъулин. Гьединал х1алк1олъаби жиндилъ ругей эбелг1ан къиматаб хазина ракьалда гьеч1о. Гьедин бук1иналъ гурищ херлъараб мехалъги эбел х1ажалъулей, гьелъ ургьелал т1аса росизе г1адин, гьелъухъе г1едег1улел?

Г1ажаиблъи, нилъеца эбелалъул ц1ар рехсола к1удияб рокьиялда, гьелъул гьумер кидаго бук1уна цебе ч1ун, йик1уна даим рек1елъ.

*Лъимерлъи, т1адбуссун, бач1унебани,*
*Дур гордил г1инщ дица биччалароан.*
*Мун унел нухазда т1угьдул ч1олаго,*
*Дур лъак1 мерхьун, хадуй екерилаан.*

Заманалъул зах1малъабиги къезарун, х1алхьи гьеч1еб г1умру бихьаниги, кинабго бак1лъи баччулей, х1ехьолей гьелъ, жиндирго кваркьиялде гъоркье рачун, ц1унула лъимал. Толаро гьезда гьури, ц1орой хъвазе, ц1унула гъаст1а хинлъи. Эбелалъул рак1… Кинабха гьеб бугеб? Гьит1инаб бук1аниги, ургьел жаниб к1удияб, заг1ипаб бук1аниги, зах1малъаби х1ехьолеб. Эбелалъул рек1ел г1ат1илъиялъул г1орхъи бук1унаро.

Эбелалъул сабруялъ, сахаватлъиялъ, рах1му-ц1обалъ рагьула нилъее дунялалъул берцинлъи, кьола г1умруялде божи, хьул.

*Сонги дица дур ц1ар ах1ун бук1ана,*
*Кумек х1ажат бугин, яч1инарищан.*
*Жакъаги дие мун къвариг1ун йиго,*
*Бицине бокьараб г1емерлъун буго.*

Хирияй эбелалъ дуниял тедал, дие кинабго ч1ег1ерлъана, сверухълъиго ч1обо-голъана.

Щайгурелъул, гьелъул т1алаб-агъазалъ кьолаан дие къуват, гьелъул рокьиялъ талих1айлъун гьаюлаан дун. Гьанжейин абуни, кинабго хут1ана доба рик1к1ад, рак1алдещвеязулъ. Бук1аниги, гьелъги гьабула рек1ее асар, бич1ч1уна къокъаб талих1алъул бук1араб рохел.

*Мун ятулареблъи, яч1унареблъи,*
*Лъалеб бук1аниги, къот1уларо хьул.*
*Мун арал сонazул си борханиги,*
*Мун гьеч1олъиялде ругьунлъуларо.*

Хириял лъимал! Ч1аго рук1аго гьабе эбелалъул адаб-х1урмат. Лъукъуге гьелъул рак1. К1очонге гьелъухъе ине, сайигъат къун гьей йохизайизе.

Эбел нилъер киналго гъалат1азда т1аса лъугьуна, гьелъ нилъеда бадибч1ваял гьаруларо, берцинал мисалаздалъун бич1ч1инабула, кант1изарула. К1очонге нилъги херлъизе рук1ин, г1умру хехго унеб бук1ин. Хадуб кват1ун бук1уна, эбелалъул гьабич1еб къимат рак1алда бух1ула.

*Х1.Каримова*

## М А М А ...

***Мама самый дорогой человек, на всем свете.***

***Мама - та, которая дала нам жизнь, вырастила, не спала ночами. О маме написано очень много рассказов, поэм, романов, сложено не мало песен.***

***Только эта статья впала в мою душу, она как будто написана обо мне, о нас всех, кто остался без матери. Пусть автор этой статьи, которого я не знаю простить меня за плагиатство.***

***Статья перепечатана из Интернета с некоторыми изменениями.***

Мамы не стало. Она ушла тихо и незаметно. Можно даже сказать, что никто из домашних не услышал ее последнего вздоха. Только в доме сразу стало как-то неуютно. В растерянности я не заметил, как быстро собрались родственники, односельчане, друзья. Разговариваю, принимаю соболезнования.

Я хожу, принимаю какие-то решения, как проводить в последний путь свою маму, отвечаю на какие-то вопросы и все это-мимо моего сознания. Приехал мулла. Состоялись похороны. Вскоре на кладбище рядом с могилой отца вырос новый холмик. Установили надгробную плиту и на ней имя моей мамы и годы ее жизни. Отзвучали молитвы. Ритуал закончился. День прошел, не успев еще начаться. Взгляд упал на мамину кровать, а смотрелась она очень сиротливо. Вот и все, первый день без мамы. Второй и третий дни - шли как-то своим чередом. Я принимал соболезнования и отвечал словами благодарности. Все как-то стандартно, обыденно.

Только один человек мне сказал слова, удивившие меня: «**Прими мои соболезнования и не сочти за кощунство, заодно и мои поздравления, - ты, наконец – то, стал взрослым!**». Как обычно, я его поблагодарил, и он пошел дальше. А его слова я пропустил мимо ушей, не придав значения. После вечерней молитвы, когда остался один, в моей памяти всплыли его слова. Вникнув в их суть, я поразился. А ведь он правду сказал. До сей поры я действительно был ребенком. Ребенком для моей мамы. Хотя у мамы были правнуки. Мое детство, оказывается, кончилось с ее смертью. До этого дня я все еще был чьим-то дитем, теперь же кем угодно, мужем, отцом, дедом, но только больше никто не назовет меня ласковым словом «Сын». Я никогда не замечал, в наивной гордыне мнил себя взрослым, умудренным жизнью человеком. Жил, не зная того, что повсюду за мной следили пусть поблеклые, но смотрящие с любовью родные глаза той, для которой я все еще маленький несмышленыш. Единственная, кому я был воистину дорог. Мама радовалась моим успехам, огорчалась, если в чем-то я был неудачливым. Была в моей жизни незаметной, ничем не досаждая, спрашивала о моих делах. Я же, в суете дня, небрежно отвечал на ее вопросы, и что самое постыдное, иногда в раздражении, мол, не до тебя, на что она негромко отвечала: «**Ладно, сынок. Не переживай так. Все пройдет, все наладится!**» Целовала в щечку, просила не расстраиваться. И осторожно, ласково гладила по голове. От ее негромкого голоса моя досада куда-то улетучивалась, я опять становился маленьким. Матери обладают удивительным даром - умением слушать и чувствовать сердцем. После задушевного разговора, камень падал с души, становилось легко. Теперь глядя на опустевшую кровать, перебирая в уме прошлое, с нахлынувшей тоской понимаю: ушло мое детство, растворилось в прошлом. Ушла та, единственная, имевшая право назвать меня сыном, хранившая нить, что связывала меня невозвратной счастливой порой, где мама, молодая, красивая, ласково звала меня, я же, косолапо перебирая ножками, спешил ей навстречу, и она обнимала меня, крепко прижимая к груди. До сих пор слышу ее зов из детства; «**Сынок! Пора домой!**»...

Как давно это было. Тоска не отпускает. Мамы нет, она ушла. Время неумолимо, и я живу во взрослой жизни. С каждым днем все дальше уходит скорбный день. Говорят, время залечивает любые раны. Может быть... Только боль по матери не залечишь. Она вечна!!! Мне же остается, с этой болью молится за маму и просить: ***Прости меня мама, за все грехи, вольные и невольные, за мои ненароком сказанные обидные слова. Поверь, я их говорил не со зла, а по глупой дерзости. Ты хотела как лучше, а я не понимал этого. Мне так горько за свои проступки.***

***Прости, как бывало раньше. Ведь ты - Мама! И прощай!***

*Висангери Хаджиев, с.Калининаул.*

## ЭБЕЛАЛДЕ

Дир эбел, баркала кверазул хинлъи
Кверг1анасей дие сайгъат гьабидал.
Сардида бераздa макьуги хурхун,
Дун кьижизе г1оло г 1 одой ч1аралъухъ.

Ихдалил къояца гьулак к1ибик1ун,
"Гьиме, меседилан" сарин ах1идал,
Ч1ах1иязул адаб дуца гьабеян
Гьит1инго ясалда мун к1алъаралъухъ.

Гьале дир т1егьилан, т1олго рохелан,
Йорхун дун бакъуде данде ккуралъухъ.
Гьале дуй х1анч1азул х1асратаб кеч1ан,
Кверги ккун, ахикье ихдал ячиндал.

Дир рак1 лъик1ай эбел, биччанте дуе
Баг1арбакъ кидаго къалъун бук1ине.
Биччанте ракьалда киналго улбул
Кидаго, мун г1адин, рохун рук1ине.

*Париза ГЕРЕЕВА.*

## Нижгъаздаса рази руго

Лъалеб букIахъе, ахирияб заманалда гIемерал гIадамал рази рукIунаро сахлъи- цIуниялъул идарабазда бугеб ахIвал-хIалалда. Кин батаниги, камун гьечIо тIадехун рехсарал идарабазда Гиппократил гьаялъе ритIухъаллъун ругел, ракIбацIцIад хIалтIулел, медицинаялъул хIалтIухъаби. Гьединазулъе рикIкIине бегьула Дубки посёлокалъул «**Хехаб кумек**» отделениялъул хIалтIухъаби: Эсенбулат Асланханов,Зайнаб Насрулаева ва Аглаб Аглабов. Жидеего гьабулеб рецц-бакъалъе гIоло гурел, ракIбацIцIадго, унтаразе хъулухъ гьабулел гьездаса рази рукIуна ниж.

Унтаразухъе тохтурзаби заманалда рачIин гIемерисеб бараб букIуна хехаб кумекалъул машинабазул шоферзабазда. Бокьараб мехалъ сапаралде рахъине хIадур рукIуна шоферзаби: МухIамад МухIамадов,Наби Ильясов, ГъазимухIамад ГъазимухIамадов ва МухIамад ХIамзатов.

Дир эбел Написат йиго унтарай гIадан. Гьелъухъе гIемер ахIизе ккола тохтурзаби. «**Гьел рачIараб мехалъ дир унти уна, рекIее бигьалъи лъугьуна**»,-ян абула эбелалъ.

Василий Ключевскияс абун буго:



**«ЛъикIав тохтурасул дару аптекаялда гуреб,гьесул ботIролъ букIуна»,** -ян. «**Чапар**» газета гьоркьоб ккун, бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе гьел т1адехун рехсарал тохтурзабазе гун, шоферзабазе ва гьезие гьаризе хIалтIулъ чIахIиял бергьенлъаби,чорхолъ щулияб сахлъи ва гьава –бакъ рекъарал къоял.

*ПатIимат БАРТИЕВА, Дубки поселок.*

Инсан ва г1умру

# Щайдай рихарай эбел?

Гьеб бук1ана 1983 соналъул хаслихълъи. Моздокалдаги х1алт1ун, т1адруссунел ниж, кьоялъ шагьаралдаги тирун,къвариг1арабщинабги босун,марк1ач1ул г1ужалда поездалде рахана. Дун цо ригь арай г1аданалде аск1ое ккана. Къват1иб ц1орон бугониги, гьей йик1ана т1адагьго рет1а-къан. Цояб х1ат1ида рет1араб щвата бугоан ахаде бортун. Х1ат1азда рет1ун ругоан ч1артил тапочкаби.

К1иябго квералъ каранде къан,хирияб хазина кинниги, гьелъ ккун бугоан ххамил гьит1инабго таргьа.

Х1инкъадго, рахъ-рахъалде ялагьулей йик1арай гьелъул канч1хъах1илал беразулъ рихьулел рук1ана пашманлъиги ч1алг1енги. Ниж хералъухъ ралагьун хут1ана. Билетазул хал гьабулелъул,проводницаялъ гьелда абуна: **«Билет бихьизабе,к1удияй»,**-ан. К1одоца, цо килищги бихьизабун, **«Рубиль,рубиль»**,-ан абуна.

-Г1арац х1ажат гьеч1о,билет бук1ине ккола.Мун кие уней г1адан?

Васасухъеянги абун, хералъул берал маг1ил ц1уна.

-Вас кив яшав гьабун вугев?

- Вас,вас рукъов вуго.

_Рукъ киб бугеб?

-Дида рак1алда гьеч1о.Дие ц1акъ бокьун буго вас вихьизе. Дихъ цо гъурущ бугоян хадубго абуна хералъ.

-Гьеб таргьиниб щиб бугеб?

-Чакар буго.Нижее щибаб ригьалъ чайилъе базе 2 гъуд чакрил кьола. Дие цо гъудги г1ола. Цогияб дица васасе бак1арана ва гьелъул гьурмада разилъи кунч1ана.Гьелда къвалги бан, **«Вай дир пакъир»**,-ан абуна проводницаялъ.

-Гьалъухъ балагье! Гьай гьаниса ине ккани, дидаги лъазабеянги абун, проводница нахъе ана.

Гьей г1аданалда дир кутакалда рак1 бух1ана. Кинаб кумек гьелъие гьабилебали лъаларого, сумкаялъусаги бахъун, дица гьелъухъе пирожок кьуна. Баркалаянги абун, херай гьимана ва гьеб кваназе лъугьана. Квербац1алдаса бихьараб ч1олоялъ бухьана гьелъ хъущт1ун ч1олареб щвата.

Чайил стаканги босун,гьение проводница яч1ана.

-Гьай ц1орон йиго, якъунги ятила. Харабазул рукъоса лъутараб къаг1ида буго гьалъуланги абун, гьелъ дихъе квер бегьана ва абуна: **«Дида ц1ар Мария буго»**,-ян.

Дида ц1ар Асият бугоян абуна дицаги. Гьалда щиб нилъеца гьабизе бугебан ц1ехана дица проводницаялда. Гудурмесалде щведал цоги поездалда нахъе йит1изе йиго. Дица милициялда лъазабун бугоян жаваб гьабуна гьелъ.

Вас вихьиларогури гьалда.Бихьулищ гьалъ васасе бак1арараб чакар, гьесул гьабулеб ургъелан абуна дица.

-Гьебха. Васасдани гьай рак1алдецин щоларей ятила. Щолей йик1арайани, эбел интернаталдейищ кьолей? Гьединал хараби г1емер дандч1вала нижеда. Киг1ан берцин х1укуматалъ хьихьун ругониги, гьезие жидерго рукъоб бокьула. Г1емерисез, хъизаналъулгун раг1и данде ккунгут1иялъ, кьола умумул интернаталде.

Гьелда т1ад базе жо босизе инин, квачан сoролей йигин гьай гъариманги абун, проводница ана. Сверухъ сих1-къот1и бук1ана.Цоял регун, цогиял г1одорч1ун,кьижун ккун рук1ана. Херайин абуни, гордухъеги ялагьун, к1ал шуршузабулей йик1ана.

**«Бет1ергьан, кумек гьабе! Дир хирияв вас»,**-ан, ч1еч1ого, такрар гьабулеб бук1ана гьелъ.

Поезд лъалхъана. Марияца ч1араб бак1алъул ц1ар абуна. Хералде аск1овеги вач1ун, цо милиционерас гьелъул гъажалда квер лъуна.

**«Йилъа дунгун! Дица ячина мун васасухъе»**,-ян абуна гьес. Хералъул рах1ат хвана ва х1инкъадго т1аде яхъана. **«Вас, дир хирияв»,**-ан абулаго, херай милиционерасда хадуй ине лъугьана. Гьей нахъ ялагьана ва гьелъул бадиса маг1у чвахана.

Кьея дихъе, дица кумек гьабилаянги абун, милиционерас таргьиде квер бегьана.Дицаго босилаянги абун, гьелъ кумекалдаса инкар гьабуна. Марияца, х1еренго къвалги бан, гьей нухда рег1ана. Хералъ, нахъ-нахъ ялагьун гьимулаго,диде квер хьваг1улеб бук1ана. Рук1к1алабаз ц1урал ва т1еренал гьелъул квераз бицунеб бук1ана къисматалъ гьей г1емер къварид гьаюн йик1ин.

**«Щай васасе жив г1езаврай эбел гьедиг1ан рихарай? Щай гьесда к1очон тараб живгоги херлъизе вук1ин»,-** ан ккана дида.

Гьаб макъала хъвалаго, рак1алде рач1ана машгьурав шаг1ир Харахьиса Мух1амадапандил гьал раг1аби:

*Нилъее рокьула гьит1инал лъимал,*
*Лъимаде г1адинаб хиралъи лъалищ?*
*Хералги рук1уна цере гьит1инал,*
*Т1убан добго рокьи гьезде хутилищ?*

*Гьезул херлъиялъул адабги гьабун,*
*Ургъел ккеч1ев чиги чилъун вук1инищ?*
*Херлъарал умумул нахъеги рехун,*
*Гьабураб дуниял дуе щибизе?*

*Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу.*

I0 ноябрь - жанисел ишазул хIалтIухъханасул Къо!

# Дир хвелгъечIев бахIарчи

(Инсуде кагъат)



**Дагьал церегIан къояз, законалде данде кколарел яргъидгIуцIаралгун къеркьеялъулъ накълулъарал милициялъулгун полициялъул хIалтIухъаби ракIалдещвезариялъул данделъиялде ахIун йикIана Гъизилюрт районалъул ЦIобокь-Миякьо росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъан Хадижат Юсуповаги. Гьей гьение ахIиялъе гIиллалъун букIана 2010 соналъул 29 апрелалда Ленинаул росдада гIагарлъухъ бугеб посталда ккараб терракталъул хIасилалда гIумруялдаса ватIалъарав инсуде (Джаватхан Юсупов) гьелъ хъвараб кагъат-сочинение.**

**ТIолгороссиялъул конкурсалда (I00 бищунго лъикIазул цояблъун рикIкIараб гьеб сочинениялъ) Джаватханил цIар рагIинабуна тIолабго нилъер улкаялда. Гьеб сочинение хъваралъухъ Х.Юсупова кIодо гьаюна Россиялъул ЖамгIияб палатаялда тIобитIараб данделъиялдеги ахIун. Нижеца гьоркьехун бахъулеб буго,магIарул мацIалдеги буссинабун, Хадижатил сочинение.**

Дица гIемер кодобе босула цебесебго сурат,бокьун букIуна дида релълъарал дур сипатал рихьизе ва ракIалде щвезабизе,доб дир лъимерлъуда хутIараб дур гьими.

ВорчIами, Эмен! Мун урхъун ватила дир кагъаталъухъ,дуда лъалагури, дун гьанже цIалулей йиго ункъабилеб классалда, дарсазул къадар цIикIкIана,амма дица хIаракат бахъула щибаб предмет лъазабизе,щай абуни,тIасан балагьарав мун дидаса чIухIаравлъун вукIине. Лъалищ, нижеда школалда абуна **«Реццалъе мустахIикъал бахIарзазул цIарал»** абураб сочинение хъвайилан.Дир классцояй Фатимаца хъвазе буго рагъдаса тIадвуссинчIев кIудияв инсул инсул,ХIамидица - Берлиналде щвезегIан вагъарав ветеранасул, дица, лъалищ, эмен, дур - дирго бахIарчиясул хIакъалъулъ!

2010 соналъул 29 апрель.Нилъер хъизаналда кинабго букIана цIакъ лъикI! Нилъ киналго рукIана талихIаллъун-мун,эбел ва дун!

Амма.., цо параялда жаниб, кинабго тIагIун ана. Бомба жаниб букIараб, маялъул байрамазда теракт гьабизе хIадурараб ва посталъухъан унеб машина, дурго гIумруги кьун, дуца чIезабуна. Дида, якъинго лъала, эмен, гьудулзаби нахъегIанги цун, кинавниги чи хIинкъиялде тIаде унареблъи.

Классалъул данделъиялда учительницаялъ нижеда М. НурбагIандовас **«ХIалтIе, вацал»** абураб ахIиялъул бицараб мехалъ, дида бичIчIана цоги батIияб абизе гьесул ракIалъ къабул гьабичIеблъи, щай абуни, гьесие мисаллъун рукIана, талихIаб ва ракълилаб, гIумруялъе гIоло рухI кьурал, дуца гIадин, эмен,даимлъиялде гали тIамурал нилъер бах1арзал.

Щибаб радал нилъер росдада, Дагъистаналда, ракълилаб улкаялда тIад баккулеб бакъ бихьарабго дида ракIалде ккола, эмен, дур даимлъуде араб бахIарчилъиялъул хIасил бугин гьеб. Лъималазул гьурмазда гьими камунгутIиялъе, гьезул гIумру гIодобе биччараблъун ва щибаб цIияб къо гьезие рохалилаблъун букIиналъе гIоло лъуна дуца гали цебе.

ЧIей гьечIого, цо-цо хIарпккун, хъвала дица духъе,бетIералда гьал рагIабигун, **«ВорчIами, эмен! Эмен, ворчIами»,**-ян кагътал. Лъалебанищ дуда, дуде, анкьабилел зобалазде рагIинедухъ, гьел рагIаби ахIун абизе дие бокьун бугеб куц! Лъалебанищ дуда, дур галабазул гьаркьихъ, дуца ахIиялъухъ дун чIалгIун йигеб куц! Гьеб мехалъ, сихIтарал кагъталги нахъе рехун,екерун дандегун, дун дуда кьочилаан ва цинги дида бихьилаан дур берцинаб гьими, дун дуда релълъун йигеб куц, щулаго дуда къвалги бан, дур меседилал погоназда кверги хъван, дица абилаан:

**«Эмен!!! ВорчIами, дир хирияв эмен!»**-ан.Лъалебищ киназулго эменал руго, амма дирав -бахIарчи!

ГьабсагIат, ракьалда гIодоцараб ахIвал-хIал букIиналъе гIоло г1умру дуе кьурав **БахIарчилъиялъул орденги** къараб хъатикь ккун, дун чIухIадго,унеб йиго гIумрудул нухдасан. ЧIухIадго унеб йиго, хъулухъалъулаб налъи тIубалаго,гIумруялдаса ватIалъарав, бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ ВатIаналъул шапакъат щварав дур-Джаватхан Юсуповасул цIар къураб, къотIносан.

ЧIухIула ва вокьула!!! Эбел духъ урхъун йиго…

# Больница г1ат1идгъаби мурадалда…



Ленинаул росдал участковияб больницаялда унтаразе щолел хъулухъал ц1ик1к1инари ва лъик1лъизари мурадалда, гьелъул аслияб минаялда аск1об балеб буго к1ит1алаяб цоги мина.

Гьеб х1алт1улъ жигараб г1ахьаллъи гьабулеб буго устарзаби: Агаев Ризван х1ажица, Адиев Г1абдулмуслимица, Гьайирбеков Темиргереца.

Дунгун бук1араб гара-ч1вариялда больницаялъул бет1ерав тохтур Жамалдинов Мусаца абуна: **«Г1емерал унтарал г1адамазул сахлъи щула гьабуна гьаб больницаялъул баракаталъ. Гьединлъидал, к1удияб рохел буго гьеб к1одо гьабизе рес щвеялъул,»**-ан.

*Салих1 Салих1ов, Гъизилюрт шагьар*

# Прокуратура сообщает...

Прокуратурой района проведена проверка исполнения законодательства об информатизации системы жилищно-коммунального хозяйства.

Установлено, что информация об объектах государственного учета жилищного фонда Казбековского района, включая их технические характеристики и состояние, в государственной информационной системе жилищно-коммунального хозяйства (далее - ГИС ЖКХ) размешается не в полном объеме, а именно, отсутствует информация о способе управления многоквартирными домами в п. Дубки.

По результатам проверки, прокуратурой районный суд направлено административное исковое заявление о признании бездействия по не опубликованию обязательных сведений на сайте государственной информационной системы жилищно-коммунального хозяйства в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет» незаконным и обязании опубликовать обязательные сведения.

Кроме того, в отношении главы администрации п. Дубки, ответственного за организацию этой работы возбуждено дело об административном правонарушении по ч. 1 ст. 13.19.2 КоАП РФ (неразмещение информации, размещение информации не в полном объеме или размещение недостоверной информации в государственной информационной системе жилищно-коммунального хозяйства), которое для рассмотрения направлено в государственную жилищную инспекцию РД.

---

Прокуратурой района проведена проверка исполнения законодательства о воинской обязанности и военной службе образовательными организациями и органами местного самоуправления.

Так, в ходе проверки установлено, что ни в одном образовательном учреждении района нет условий для качественной подготовки граждан по основам военной службы, отсутствует необходимая учебно-материальная база, минимальный перечень учебно-наглядных пособий, приборов медицинского имущества, спортивные городки с элементами полосы препятствий, приборы радиационной и химической разведки, макет простейшего укрытия и убежища, предметные кабинеты укомплектованы наглядными пособиями и принадлежностями не в полном объеме, имеющиеся наглядные пособия и принадлежности, в соответствии с требованиями федеральных государственных образовательных стандартов, не обновляются.

Подбор преподавателей, проводящих подготовку граждан по основам военной службы, не осуществляется из числа офицеров, пребывающих в запасе.

Кроме того, органами местного самоуправления не принимаются меры по созданию учебных пунктов для подготовки граждан, подлежащих призыву на военную службу и не прошедших подготовку по основам военной службы.

В связи с чем, по результатам проведенной проверки, в адрес главы администрации МР «Казбековский район» внесено представление об устранении нарушений законодательства о подготовке граждан к военной службе и привлечения виновных лиц к дисциплинарной ответственности.

*М.М.Халилов, прокурор района, старший советник юстиции.*

# ОБЪЯВЛЕНИЯ

Утерянную печать СПК **«Дружба»** с.Ленинаул считать недействительной.

---

Утерянный сертификат МК-6 № 0352086 на материнский капитал, выданный Управлением ОПФ РФ по РД 24.07.2014 года на имя **Темировой Мадины Магомедкамиловны**, считать недействительным.

# Российлъул журналистазул Союзалъе-100 сон!

13 ноябралда 100 сон т1убана Российлъул журналистазул Союзалъе.

Штаталда гьеч1ел мухбирзабазда, газеталде макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал рит1улел киназдаго рак1-рак1алъ баркула гьеб юбилей. Гьарула киназего къалмил бег1ерлъи, сахлъи, рохел ва гьебулебщиналъулъ бит1ккей.

**Редколлегия.**

# Семинар тIобитIана



Дагьал церегIан къояз Калининаул росулъ тIобитIана районалъул библиотекабазул хIалтIухъабазул семинар. Гьеб тIобитIиялъе гIиллалъун букIана-цIалдолезул къадар цIикIкIинаби, тIахьал цIалиялъ гIадамазе кьолеб пайда цIалдолезда гьоркьоб тIибитIизабиялъе тадбирал гьари, тIахьалгун хIалтIи гьабиялъул цIиял формабигун къагIидаби хIалтIизари.

Районалъул Централияб библиотекаялъул директор Зульмира Адильмирзаевалъул бихьизабиялда рекъон, филиалазда бугеб ах1ва-х1алалъул "т1ок1к1инаби" мурадалда, гьединал семинарал т1орит1изе къот1и ккана росабалъ ругел филиалазда. Гьединго, гьениб бицана араб соналъ библиотекабазул хIалтIухъабаз гьарурал хIалтIабазул.

КIалъазе рахъарал-Зазабика Камиловалъ, Нурият Салатгерееваль, М-хIабиб МухIамадхIабибовас тадбиралъул гIахьалчагIазул кIвар буссинабуна информациялъулгун цифрабазул хIисабкьей лъикIлъизабиялде, батIи-батIиял къагIидаби цIалдолелгун хIалтIизариялде ва тIоритIарал тадбиразул материалал заманалда сайтаздагун социалиял сетазда лъезе кколеблъиялде.

Цере рахъаразул кIалъаяздасан бичIчIунеб букIана лъайгун тарбия кьеялъе хIажатабщиналъул аслиязул цояблъун тIехь кколеблъи ва гьелдехун цIалдолезул бугеб гьанжесеб пикру хисизабизе кколеб букIин.

Цого кIалъаяздалъун лъугIинчIо семинаралъул хIалтIи. Данделъаразда цере рахъана, Калининаул росдал школалъул авар мацIалъул мугIалим Зайнаб Хангерееваль бетIерлъиялда, цIалдохъаби. Гьез тадбиралъул гIахьалчагIазда рихьизаруна магIарул шагIирзабазулгун хъвадарухъабазул произведениябаздаса сценкаби ва рикIкIана бакIалъул шагIирзабазул кучIдул.

Семинаралъул ахиралда гьениб тIобитIана **«Вугищ мун гIемерал тIахьал цIаларав библиотекаялъул хIалтIухъан?»** абураб викторина. Бергьенлъи босана Кайпарат Гъанищевалъ.

*Равзанат М-хайрулаева, Дилим росу.*

# Уважаемые получатели социальных ежемесячных денежных выплат!

В соответствии с Законом Республики Дагестан от 4 октября 2018 года № 51 **«О внесении изменений в Закон Республики Дагестан «О социальной поддержке жертв политических репрессий» и в Закон Республики Дагестан «О социальной поддержке тружеников тыла и ветеранов труда»** ежегодно до 1 декабря необходимо представить в Управление социальной защиты населения в МО «Казбековский район» следующие документы:

- педагогическим работникам, медицинским работникам, работникам культурно-просветительских учреждений, ветеринарным работникам -справки об отсутствии задолженности по всем видам коммунальных услуг либо заключение о выполнении соглашения по погашению задолженности;
- инвалидам и всем федеральным категориям граждан - семьям с детьми-инвалидами, инвалидам военной службы, инвалидам и участникам войны, семьям погибших, ветеранам труда, реабилитированным - квитанции об оплате за коммунальные услуги (ток, газ, вода, мусор и др.) в течение 2018 года и справки об отсутствии задолженности по всем коммунальным услугам (ток, газ, вода, мусор и др.);
- многодетным семьям - доходы на всех членов семьи и справки об отсутствии задолженности по всем коммунальным услугам (ток, газ, вода, мусор и др.), квитанции об оплате за коммунальные услуги (ток, газ, вода, мусор и др.) в течение 2018 года;

В случае непредставления гражданами, этих документов ежемесячная денежная выплата им приостанавливается. Его возобновление производится с даты обращения гражданина со всеми документами.

После первого декабря представление этих документов можно произвести еще в течение 6 месяцев, чтобы иметь возможность получить выплаты с даты прекращения. Сообщите об этой информации на работе, соседям, родным и знакомым.

**Управление социальной защиты населения в МР «Казбековский район»**

*БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2*
*Индекс: 51354*
*Заказ №156 Тираж 1300*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*